

Avi sa a dekri kijan enfòmasyon medikal sou ou ka itilize ak divilge, epi kijan ou ka gen aksè nan enfòmasyon sa yo. Tanpri fè lekti l ak anpil atansyon.

Beth Israel Lahey Health (BILH) respekte vi prive ou. Avi sa a esplike dwa ou ak responsablite nou konsènan enfòmasyon medikal ou.

Pratik ki dekri nan avi sa a aplike pou tout kote BILH bay swen. Sa gen ladan lopital nou yo, klinik nou yo, ak lòt sit ki make sou bilh.org/coveredentities.

Avi sa a konsène tout anplwaye BILH, pèsònèl, estajyè, volontè, ak lòt moun ki ede bay swen ou.

Avi sa a aplike tou pou doktè prive ki ba swen nan yon etablisman swen BILH. Yo pral ba ou pwòp avi pa yo si yo wè ou nan biwo prive yo.

Lalwa egzije pou nou:

- Kenbe enfòmasyon sante pwoteje ou yo prive;
- Ba w avi sa a sou obligasyon legal nou yo ak pratik vi prive nou yo;
- Notifye ou si gen yon vyolasyon enfòmasyon sante pwoteje ou yo; epi
- Swiv kondisyon Avi sou Pratik Konfidansyalite (Vi Prive) nou an ki aktyèlman an vigè.

Dat Efektif Avi sa a:

Avi sa a ap anplas apati 16 fevriye 2026.

Avi sou Pratik Konfidansyalite (Vi Prive) nou an disponib nan lang sa yo:

Arab | Armenyen | Kap Vè | Anglè | Fransè | Grèk | Gujarati | Kreyòl Ayisyen | Hindi | Italyen | Japonè | Khmer | Koreyen | Pòtigè | Punjabi | Ris | Chinwa Senplifye | Espanyòl | Chinwa Tradisyonèl | Vyetnamyen

Dwa Ou Konsènan Enfòmasyon Medikal Ou Yo

Dwa pou Wè oswa Resevwa yon Kopi Dosye Medikal Ou yo

Ou gen dwa pou wè oswa resevwa yon kopi sou papye oswa elektwonik dosye medikal oswa dosye bòdwo ou yo. Demann ou a dwe fèt pa ekri epi voye bay kote swen BILH kote ou resevwa swen an. Nou ka fè w peye yon frè rezonab pou depans kopi, lapòs, oswa lòt founiti ki gen rapò ak demann ou an. Nou pral trete demann ou an nan yon delè 30 jou, oswa n ap fè w konnen si nou bezwen plis tan. Ou kapab mande dosye ou yo tou atravè kont BILH MyChart ou.

Nan kèk ka, nou ka refize demann ou an. Si sa rive, n ap eksplike rezon an pa ekri epi n ap di w ki pwochen etap yo.

Dwa pou Mande Kominikasyon Konfidansyèl

Ou gen dwa mande nou pou kontakte ou sou kesyon medikal nan yon fason espesifik oswa nan yon kote espesifik. Pa egzanp, ou ka mande pou nou voye lapòs nan PO Box ou oswa pou nou rele sèlman nimewo lakay ou. Ou dwe fè demann sa a pa ekri nan kote swen BILH ou a epi fè nou konnen kijan ou vle yo kontakte ou. Nou pral dakò ak tout demann ki rezonab.

Ou kapab tou mete "Preferans Kominikasyon" ou yo nan kont BILH MyChart ou.

Dwa pou Mande Restriksyon

Ou gen dwa mande nou pa pataje oswa limite pataj enfòmasyon medikal ou yo deyò BILH. Nou pa oblije dakò ak demann ou an, men si nou dakò, nou pral respekte li. Ou gen dwa tou di nou nou pa ka pataje enfòmasyon medikal ou ak asirans sante ou si ou te peye tout depans yo an lajan kach (out-of-pocket) pou yon sèvis oswa swen sante. Nan ka sa a, nou oblije dakò.

Dwa pou Mande Nou Koriye Dosye Ou

Ou gen dwa mande n pou revize enfòmasyon sante oswa bòdwo w si w panse yo pa kòrèk oswa pa konplè. Demann w lan dwe fèt alekri bay kote swen BILH ou a epi li dwe eksplike rezon demann lan.

Nou pral reponn nan yon delè 60 jou. Si nou dakò ak demann ou an, nou pral mete ajou dosye ou epi n ap mande ou ki lòt moun ki ta dwe resevwa enfòmasyon ki koriye yo. Nan kèk ka, nou ka refize demann ou an. Si sa rive, n ap eksplike rezon an pa ekri epi n ap di w ki pwochen etap yo.

Dwa pou Mande yon Lis Divilgasyon Enfòmasyon

Yon "lis kontabilite" se yon lis ki montre tout fwa ke nou te pataje enfòmasyon ou ak lòt moun deyò BILH san nou pa t avèti ou davans.

Lis sa a pa enkli: pataj pou tretman, peman, oswa operasyon swen sante; pataj avèk ou menm; oswa pataj avèk pèmisyon ou.

Ou ka mande yon lis pou sis (6) dènye ane yo. Demann yo dwe fèt pa ekri bay kote swen BILH ou a.

Nou pral reponn nan yon delè 60 jou. Ou gen dwa pou yon lis gratis pa ane.

Dwa pou Pote Plent

Si ou kwè nou te vyole dwa vi prive ou, ou ka pote plent avèk nou oswa avèk gouvènman federal la.

Tout plent bay BILH dwe fèt pa ekri bay kote swen BILH ou a, oswa ou ka rele BILH Integrity & Compliance pou ede w voye plent lan: (617) 278-8300.

Ou kapab tou kontakte Biwo Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini (Office for Civil Rights – OCR) pa telefòn nan (877) 696-6775, sou entènèt, oswa pa ekri bay:

Office for Civil Rights, 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201.

Ou p ap sibi okenn penalite ni reprezay paske ou pote plent.

Dwa pou Resevwa yon Kopi sou Papye Avi Sa a

Ou gen dwa pou resevwa yon kopi sou papye avi sa a, menm si ou te dakò pou resevwa li elektwonikman. Mande li nan nenpòt kote swen BILH.

Kijan Nou Ka Itilize ak Pataje Enfòmasyon Medikal Ou

Anba a gen diferan fason lalwa pèmèt nou itilize ak pataje enfòmasyon medikal ou. Pou chak kategori, nou pral esplike sa nou vle di epi bay kèk egzanp. Se pa tout egzanp ki nan lis la, men **tout fason** nou itilize oswa pataje enfòmasyon ou yo ap antre nan youn nan kategori sa yo.

Pou Tretman w

Nou ka itilize enfòmasyon medikal ou pou bay ou swen. Nou ka pataje enfòmasyon ou ak doktè, enfimyè, teknisyen, etidyan medikal, oswa lòt pwofesyonèl swen sante ki patisipe nan swen ou.

Nou ka pataje enfòmasyon ou tou ak moun ki patisipe nan sante oswa byennèt ou, tankou manm fanmi, zanmi, sèvis swen lakay, ajans sipò, relijye, oswa founisè ekipman medikal.

.

Pou Peman

Nou ka itilize enfòmasyon ou yo pou nou faktire swen ak sèvis ou resevwa nan BILH. Pou egzanp, nou ka pataje enfòmasyon ou yo pou resevwa peman nan men ou, nan men yon konpayi asirans, oswa yon twazyèm pati. Nou ka pataje enfòmasyon ou yo tou pou apwobasyon davans, oswa pou verifye si plan asirans ou pral kouvri tretman nan lavni. Nou ka bay enfòmasyon tou bay yon moun ki ede peye pou swen ou, tankou garant ou oswa moun ki sou polis asirans lan, si se pa oumenm.

Pou Operasyon Swen Sante Nou yo

Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon ou yo pou dirije ak jere BILH. Sa gen ladan operasyon nou yo pou amelyore kalite swen nou bay, pou fòme pèsònèl ak etidyan, oswa pou bay sèvis kliyan. Nou ka pataje enfòmasyon ou yo tou ak lòt moun oswa òganizasyon nou angaje pou ede nou bay sèvis ak pwogram.

Pou Kontakte w

Nou ka kontakte ou konsènan swen ou, opsyon tretman, ak eksperyans ou nan BILH. Pou egzanp:

- **Rapèl Randevou:** Nou ka kontakte ou pou fè w sonje yon randevou k ap vini, oswa pou pran, chanje, oswa anile yon randevou.
- **Altènativ Tretman:** Nou ka kontakte ou pou enfòmasyon ou sou opsyon tretman posib oswa benefis ki gen rapò ak sante ou ta ka enterese ladan yo, oswa sou yon pwodwi oswa sèvis sante nou ofri.
- **Sondaj Satisfaksyon:** Nou ka kontakte ou pou mande opinyon ou sou eksperyans ou nan youn nan lokal nou yo oswa avèk founisè swen nou yo.

Kolekte Fon (Lajan)

Nou ka itilize enfòmasyon limite sou ou (tankou laj ou, dat ou te resevwa sèvis, oswa depatman) pou kontakte ou nan efò pou ranmase lajan pou BILH.

Ou ka refize resevwa kominikasyon ranmasaj fon lè ou kontakte kote swen BILH ou a.

Anyè Lopital

Pandan ou entène kòm pasyan nan yon lopital BILH, nou ka mete enfòmasyon ou yo nan anyè lopital la. Anyè a gen non ou, kote ou ye nan lopital la, kondisyon jeneral ou (pa egzanp: bon, mwayen, elatriye), ak afilyasyon relijye ou.

Nou ka pataje kote ou ye nan lopital la ak kondisyon jeneral ou ak moun ki mande apre ou pa non. Nou ka pataje non ou ak yon manm relijye (klèje), menm si yo pa mande apre ou pa non.

Si ou pa vle pou non ou parèt nan anyè lopital la, tanpri fè enfimyè ou oswa yon lòt manm ekip swen ou a konnen.

Lòt Itilizasyon ak Divilgasyon ki Bezwen Otorizasyon Alekri w

Nou pral mande pèmasyon ekri ou, oswa yon "otorizasyon", pou itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon medikal ou yo ki pa kouvri pa avi sa a oswa pa lwa ki aplike pou nou.

Si ou bay pèmasyon pou nou itilize oswa pataje enfòmasyon ou yo, ou ka retire pèmasyon an nenpòt kilè. Ou dwe ekri kote swen BILH ou a pou anile pèmasyon an. Depi lè sa a, nou pral sispans itilize oswa pataje enfòmasyon ou yo pou rezon ki te endike nan otorizasyon an. Nou pa ka reprann okenn enfòmasyon nou te deja pataje avèk pèmasyon ou, epi nou oblige kenbe dosye swen nou te bay ou yo.

Lwa leta ak federal egziye otorizasyon ekri ou pou pataje kèk kalite enfòmasyon sante sansib, tankou tès VIH oswa rezilta tès VIH, enfòmasyon sou tès jenetik, ak kèk kalite nòt konsèy (counseling). Gen ka eksepsyon: pa egzanp, nou pa bezwen pèmasyon ou pou rapòte abi oswa neglijan.

Nou pap janm itilize oswa pataje enfòmasyon ou yo pou maketing, sof si ou bay pèmasyon espesifik pou sa.

Itilizasyon ak Divilgasyon ki Pa Bezwen Otorizasyon Alekri w

Nan kèk ka, nou ka pataje enfòmasyon ou yo **san pèmasyon ekri ou** lè lalwa pèmèt oswa egziye sa. Men kèk egzanp:

Sekou apre yon Dezas

Nou ka pataje enfòmasyon medikal sou ou ak yon antite k ap ede nan sekou dezast, pou fanmi ou ka enfòm sou kondisyon, kote, ak estat ou. Nou ka pibliye tou enfòmasyon jeneral, tankou: *"lopital la ap trete kat (4) moun ki soti nan aksidan an."*

Larechèch

Nou ka pataje enfòmasyon sante sou ou pou rechèch ki apwouve pa yon Komite Rechèch BILH oswa moun li deziyen, lè lalwa federal oswa leta pa egziye otorizasyon ekri. Sa ka gen ladan tou preparasyon pou rechèch oswa enfòmasyon ou sou etid rechèch ou ta ka enterese ladan yo.

Jan Lalwa Mande Sa

Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou lè lalwa federal, leta, oswa lokal mande sa, pa egzanp an repons a yon òd tribinal, demann administratif, oswa subpoena (manda).

Pou Anpeche yon Menas Grav

Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon medikal ou yo pou pwoteje sante ak sekirite ou, oswa sante ak sekirite lòt moun. Nou kapab pataje enfòmasyon yo sèlman ak yon moun oswa yon antite ki kapab ede anpeche danje ki menase a.

Don Ògàn ak Tisi

Nou ka pataje enfòmasyon medikal ak òganizasyon ki enplike nan don ak grèf ògàn, je, oswa tisi.

Lame ak Veteran yo

Nou ka pataje enfòmasyon medikal jan lalwa egziye sa pou manm fòs ame yo oswa pou pèsonèl militè etranje.

Konpansasyon Travayè (Workers' Compensation)

Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo pou konpansasyon travayè oswa pwogram ki sanble, ki bay benefis pou blesi oswa maladi ki gen rapò ak travay.

Sante Piblik

Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo pou aktivite sante piblik. Pa egzanp: pou anpeche oswa kontwole maladi; pou rapòte nesans ak lanmò; pou rapòte abi oswa neglijan; pou rapòte reyaksyon ak medikaman oswa pwoblèm ak pwodwi; pou notifiye moun sou rapèl pwodwi; oswa pou avèti moun ki ka te ekspozè a yon maladi, oswa ki ka gen risk pou trape oswa gaye yon maladi.

Sipèvizyon Sante (Health Oversight)

Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo ak yon ajans sipèvizyon sante pou aktivite tankou odit, sètifikasyon, ankèt, enspeksyon, ak lisans. Aktivite sa yo nesèse pou gouvènman an siveye sistèm swen sante a, pwogram gouvènman yo, ak respè lwa sou dwa sivik.

Lapolis

Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo ak lapolis nan kèk sikonstans, tankou: pou idantifye oswa jwenn yon sispèk, yon moun k ap kouri, yon temwen, oswa yon moun disparèt; konsènan yon lanmò ki ka enplike zak kriminel; sou konpòtman kriminel nan BILH; oswa nan sitiyasyon ijans, pou rapòte yon zak kriminel.

Medsen Lejis, Egzaminatè Medikal, ak Direktè Ponp

Finèb Nou ka pataje enfòmasyon medikal ak yon medsen lejis oswa egzaminatè medikal pou ede yo idantifye yon moun ki mouri oswa detèmine kòz lanmò. Nou ka pataje enfòmasyon medikal tou ak direktè ponp finèb pou pèmèt yo ranpli responsablite yo.

Sekirite Nasyonal ak Aktivite Entèlijans

Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo ak ofisyèl federal ki otorize pou aktivite entèlijans, kont-entèlijans, ak lòt aktivite sekirite nasyonal jan lalwa pèmèt.

Sèvis Pwoteksyon pou Prezidan an ak Lòt Moun

Nou ka pataje enfòmasyon medikal ak ofisyèl federal ki otorize ki bay pwoteksyon pou Prezidan an, lòt moun ki otorize, oswa chèf deta etranje, oswa pou mennen ankèt espesyal jan lalwa pèmèt.

Prizonye yo

Si ou se yon prizonye nan yon enstitisyon koreksyonèl oswa ou anba gad lapolis, nou ka pataje enfòmasyon medikal sou ou ak enstitisyon koreksyonèl la oswa lapolis, si lalwa pèmèt sa.w.

Avi sou Pratik Konfidansyalite BILH pou Pwogram Pati 2 yo

Si ou resevwa swen nan youn nan pwogram twoub itilizasyon sibstans ("SUD") nou yo, yon lòt lwa federal sou vi prive, 42 CFR Pati 2 ("Pati 2"), aplike pou dosye nou kreye oswa kenbe nan pwogram SUD nou yo ("Pwogram Pati 2"). Ou ka jwenn yon lis Pwogram Pati 2 BILH yo sou bilh.org/Part2Programs, epi pratik ki dekri nan avi sa a aplike pou tout Pwogram Pati 2 BILH ki nan lis la.

Konsantman ou pou tretman pèmèt nou pataje dosye sa yo pou tretman, peman, ak operasyon swen sante — menm jan nou itilize ak pataje enfòmasyon ou yo dapre HIPAA. Lè nou pataje enfòmasyon SUD pou tretman, peman, oswa operasyon swen sante, moun ki resevwa enfòmasyon an pa gen dwa re-pataje li sof si lalwa pèmèt sa.

An jeneral, nou pa ka pataje enfòmasyon SUD ou yo eksepte jan sa dekri anba a. Nou ka pataje enfòmasyon san otorizasyon ou lè:

- Divilgasyon an fèt bay pèsònèl medikal nan yon ijans medikal;
- Divilgasyon an fèt bay òganizasyon sèvis ki kalifye k ap bay sèvis pou nou, ki dakò pa ekri pou pwoteje enfòmasyon an menm jan lalwa egzijè nou fè sa;
- Divilgasyon an fèt bay lapolis pou rapòte yon krim ou komèt, oswa ou menase pou komèt, nan etablisman nou an oswa kont pèsònèl nou;
- Divilgasyon an fèt bay ajans pwoteksyon timoun pou rapòte sispèk abi oswa neglijans timoun, jan lalwa leta egzijè sa;
- Divilgasyon an fèt bay **pèsònèl ki kalifye pou rechèch**, anba apwobasyon ak siveyans yon komite etik;
- Divilgasyon an fèt bay pèsònèl ki kalifye pou odit oswa evalyasyon pwogram, ki:
 - a) dakò pa ekri pou pwoteje enfòmasyon an jan politik nou yo egzijè; b) reprezante ajans gouvènman federal, leta, oswa lokal ki otorize pa lalwa pou sipèvize pwogram nou an; oswa c) bay asistans finansye pou pwogram nan oswa peman pou swen sante.
- Divilgasyon an pèmèt pa yon òd tribinal, epi òd sa a gen ladan yon subpoena oswa lòt manda legal ki egzijè pou nou pataje enfòmasyon ou yo. Nan ka sa yo, ou ta dwe konnen tou:
 - Enfòmasyon ou yo, oswa temwayaj ki repwodui kontni enfòmasyon dosye medikal ou, pa pral itilize ni divilge nan okenn pwosedi sivil, administratif, penal, oswa oswa nan pwosedi lejislatif kont ou, sof si sa baze sou yon otorizasyon ekri espesifik oswa sou yon òdonans tribinal.

- Enfòmasyon ou yo pral sèlman itilize oswa divilge sou baz yon òd tribinal, apre yo fin bay avi ak yon opòtinite pou ou oswa moun ki kenbe dosye medikal la pou fè tandè vwa yo, lè lalwa egzijè sa.
- Yon òdonans tribinal ki otorize itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon yo dwe akonpaye pa yon subpoena oswa yon lòt manda legal ki sanble, ki egzijè divilgasyon an, anvan dosye a ka itilize oswa divilge.

Nan lòt sikonsans, nou pral mande otorizasyon ou pou divilge enfòmasyon ou yo deyò pwogram nou an. Pa egzanp, ou ka bay otorizasyon ekri pou nou voye enfòmasyon ou yo bay avoka ou.

Si ou te otorize nou pou pataje enfòmasyon ou yo, ou ka chanje lide ou nenpòt ki lè epi mande nou pa pataje yo ankò lè ou fè nou konnen pa ekri. Si ou chanje lide ou, nou pral sispann tout pataj enfòmasyon nan lavni, men nou pa pral kapab anpeche okenn enfòmasyon ki deja te divilge.

Ou toujou gen dwa pou mande restriksyon sou divilgasyon enfòmasyon SUD ou yo, retire otorizasyon ou, resevwa yon lis divilgasyon enfòmasyon (accounting of disclosures), depoze yon plent si ou kwè dwa vi prive ou yo te vyole, epi resevwa yon kopi sou papye oswa elektwonik avi sa a, tout jan sa prevwa nan lòt pati avi a.

Anplis desa, si enfòmasyon ou yo te pataje pou tretman atravè yon rezo echanj enfòmasyon sante, yon òganizasyon jesyon swen, oswa yon lòt entèmedyè, ou gen dwa pou resevwa yon lis divilgasyon ki fèt pa entèmedyè a pou twa (3) dènye ane yo. Demann pou yon lis divilgasyon sa yo dwe fèt pa ekri bay pwogram Pati 2 pou twoub itilizasyon sibstans kote ou resevwa swen an. Ou gen dwa tou pou resevwa yon lis divilgasyon enfòmasyon ki te fèt avèk otorizasyon ou pou twa (3) dènye ane yo.

Y ap ba ou yon opòtinite pou refize resevwa kominikasyon ranmasaj fon (*fundraising*) anvan dosye ou yo itilize pou rezon sa yo. Pou plis enfòmasyon, gade 42 U.S.C. Seksyon 290dd-2 ak 42 C.F.R., Pati 2.

Chanjman nan Avi sa a

Nou rezève dwa pou chanje avi sa a. Nou rezève dwa pou fè avi ki revize oswa modifiye a vin aplikab pou enfòmasyon medikal nou deja genyen sou ou, ansanm ak nenpòt enfòmasyon nou resevwa nan lavni. Nou pral afiche yon kopi avi aktyèl la.

Anplis de sa, chak fwa ou enskri oswa ou admèt nan lopital la pou tretman oswa sèvis swen sante kòm pasyan entènè oswa ekstèn, yon kopi avi ki an vigè a ap disponib sou demann ou.

Ou gen dwa pou diskite sou avi sa a epi pou resevwa repons pou kesyon ou yo. Si ou gen nenpòt kesyon konsènan avi sa a, tanpri kontakte Depatman Entegrite ak Konfòmite Beth Israel Lahey Health (Integrity & Compliance Department) nan (617) 278-8300 or NOPP@bilh.org.